*МКОУ «Агвалинсая СОШ»*

# РАГЪАРАБ ДАРС:

## « РАСУЛ Х1АМЗАТОВ

## «ДИР РАК1 МУГ1РУЗДА БУГО».

(9КЛАСС)

**Х1АДУР ГЬАБУНА:** Зиявудинова П. М.

2) Рагьила тема ва идея( чаналиго темаялда гьоркьоса аслияб бищила).

Анализалъулаб дакъикъа

1) Роцен.
2) Аллитерация.
3) Антитеза.
4) Дандекквеял.
5) Эпитетал.

3) Учителалъ ва ц!алдохъабаз поэмаялъул цо-цо бак!ал пасих!го ц!алила.
4) Сценка « Дагъистаналъул чи». «Дир Дагъистан» т!охьодаса.

**Дарс щула гьаби:**

1) Микьабилеб сентябрь щиб къо кколеб?
2) «Къункъраби» коч!ол тема ва идея.
3) Расул х!амзатовасул асаразул к!вар.
4) «Дир рак! муг!рузда буго» эпиграф кинаб бугеб.
5) Расул Х!амзатовасул кинаб гъалат! Ккараб?.
6) Тема ва идея кинаб бугеб?.

**Рокъобе х!алт!и.**

1)Расул Х!амзатовасул х!акъалъулъ рефератал х!адур гьари ва творчество ц!ик!к!ун лъазаби.

2) «Дир рак! муг!рузда буго»поэма пасих!го ц!ализе ва бокьараб кесек рек!ехъ лъазабизе.

3) Поэмаялъул анализ гьабизе бажари.

4) Ккараб гъалат! бит!изабизе бажари.

5) Къиматал лъей.

6) Къо-мех лъик! Гьаби.

***Дарсил мурад:***

1) Расул Х!амзатовасул г!умру ва творчество рак!алда щвезаби.

2) Къоло к1иабилеб сентябрь- « Хъах!ал къункърабазул байрам» рак!алда щвезаби.

3)Р.Х!. Дир рак! муг!рузда буго» Поэмаялъул к!вар Дагъистаналъул литературиялда жаниб.

4)Ц!алдохъабазда поэмаялъул Х!асил бич!ч!и ва анализ гьабизе бажари.(тема,идея, завязка, развязка, конфликт, кульминация , композиция, гьижа бати, аллитерация , антитеза ва гь.ц.

5)Ц!алдохъабазда берцинго ва пасих!го маг!арул мац!алда коч!олаб калам ц!рализе бажари.

***Дарсил алат:***

9 кл т!ехь, Расул Х!амзатовасул т!ухьдул, къадал газета компьютер, экран, проектор, суртал.

***Дарсил ин:***

1) Слайд-шоу Расул Х!амзатов рак!алде щвеялъе.

2) «Хъах!ал къункъраби» кеч! г!енекки Зайнаб Махаевалъ ах!улеб.

3) Учителалъул раг!и.

4) «Дир Дагъистан» т!охьодаса сценка ( Абут!алиб саг!тил устарасухъ).

5) Арал классазда малъараб материал такрар гьаби. Учителалъ ц!алила цо-цо куплет, лъималаз бицина щиб асаралдаса босараб ва тема идея мух!кан гьибила.( «Вера Васильевна», «Маша», «Россиялъул солдатал», «Маг!арулал», «Эбелалъ дир кинидахъ куч!дул ах!ич!елани».)

***Х!ухьбахъиялъул минута:***

«Маг1арулал кеч!» г!енекки ва цадахъ ах!и.

***Ц!ияб дарс:***

Расул Х!амзатовасул поэма « Дир рак! муг!рузда буго». Эпиграф: « Дунго рик!к!ада вуго. Рак! дир муг!рузда буго» Роберт Бернс.

1) Учителалъ бицина поэмаялъул къокъаб х!асил.